

504

Avi sou Dwa Paran yo Genyen
Daprè Seksyon 504 nan Atik
Lwa sou Reyabilitasyon ane
1973 la

Avi sou Dwa Paran yo Genyen
Daprè Seksyon 504 nan Atik
Lwa sou Reyabilitasyon ane 1973 la

Pou enfòmasyon sou kalifikasyon pou
Bous Detid McKay la vizite
www.floridaschoolchoice.org

Vizite sit entènèt Distri a nan:
www.collier.k12.fl.us

LEKOL PIBLIK COLLIER COUNTY YO SE YON EN-
STITISYON KI BAY AKSE AK OPOTINITE EGAL POU
EDIKASYON AK TRAVAY

Dr. Kamela Patton
Sipèentandan Lekòl yo

Julie Sprague, Prezidan
Roy M. Terry, Vis Prezidan
Kathleen Curatolo, Manb
Erika Donalds, Manb
Kelly Lichter, Manb

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County
Dr. Martin Luther King, Jr. Administrative Center
5775 Osceola Trail
Naples, FL 34109

Karen Stelmacki
Direktris Ekzekitif Edikasyon Eksepsyonèl ak
Sèvis Sipò Elèv yo

Dr. Dena Landry
Kowòdinatè Sèvis Sikolojik
(239) 377-0521

DEKLARASYON VIZYON DISTRI A


Tout elèv pral konplete lekòl prepare pou kontinye aprann e pou asime responsabilite yo nan kominote a ak souplan global. Si ou (granmoun) gen kesyon osnon plent pou-w pote konsènan Atik sou Ekite Edikasyon-an, nan Tit IX, Seksyon 504 (Atik sou Reyabilitasyon-an), oubyen Atik sou Ameriken Andikape yo, kontakte Ian Dean, Resous Imèn, (239) 377-0386. Si ou menm (elèv) gen kesyon osnon plent pou-w pote konsènan Atik sou Ekite Edikasyon-an, nan Tit IX, Atik 1975 sou Diskrimnasyon Laj yo, kontakte Steve McFadden Kowòdonatris Sèvis/Gid ak K-12 (239) 377-0517. Si ou (elèv) gen kesyon osnon *plent* pou-w pote konsènan Seksyon 504 (Atik Reyabilitasyon-an) ak Atik Lwa sou Ameriken Andikape yo, kontakte Doktè Dena Landry, Kowòdonatè Sèvis Sikolojik (239) 377-0521. Adrès kote pou ou jwenn moun nou sot ba ou pou-w kontakte yo se: Biwo Administrasyon Distri Lekòl County, 5775 Osceola Trail, Naples, FL 34109.





Dwa yo bay Paran yo Daprè Seksyon 504 nan Atik Lwa sou Reyabilitasyon an

Sa nou pral ba ou la yo se yon deskripsyon sou dwa la Lwa Federal bay elèv



*Dwa La Lwa
Federal bay
Paran Elèv ki
Andikape yo.*

ki andikape yo. Entansyon lwa sa a se pou kontinye ba ou tout enfòmasyon apwopo desizyon yo ap pran konsènan pitit ou a e pou enfòmè ou sou dwa ou genyen si ke ou pa ta dakò avèk nenpòt nan desizyon sa yo. Yo ap mete dwa sa

yo disponib pou paran/responsab yo si yo fè demand pou wè yo, e yo ap disponib sou sit entènèt distri a nan www.collierschools.com


Ou gen dwa pou w:

- Fè pitit ou patisipe, epi resevwa avantaj nan pwogram edikasyon piblik yo san diskriminasyon akòz kondisyon andikap li a (yo).
- Fè lekòl nan distri a ba ou konsèy sou dwa ke ou genyen swivan sa ki di nan Lwa Federal yo.
- Resevwa avi ki konsène idantifikasyon, evaliyasyon oubyen plasman pitit ou a.
- Fè pitit ou a resevwa yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye.
- Fè pitit ou a resevwa sèvis e pou li edike nan andwa ki konparab ak kote yo ka pran swen elèv ki andikape.
- Fè yo pran desizyon nan kad evaliyasyon, edikasyon, ak plasman yo,

swivan divès kalite sous enfòmasyon e ak moun ki konnen elèv la e ki genyen koneksans nan fè evaliyasyon done ak opsyon pou plasman yo.

- Fè yo ba li transpòtasyon pou li ale epi soti nan yon plasman altènatif (sitou si se yon pwogram distri a pap opere) ki pap koute ou anpil lajan lè ou konpare li ak depans ou te ka fè si elèv la te nan yon pwogram ke distri a ap opere.
- Fè yo bay pitit ou a menm opòtinite yo pou patisipe nan aktivite ki pa akademik ak aktivite ekstra ke yo ofri nan distri a.
- Genyen dwa pou yon edikasyon apwopriye ki dezinye pou reponn a bezwen edikasyon endividyèl li yo yon fason adekwa swivan bezwen elèv ki pa andikape yo (34 CFR&104.33(b)(1)(i))

- Ekzamine tout dosye enpòtan yo ki gen rapò ak desizyon ki konsène idantifikasyon, evaliyasyon, ak plasman pitit ou a.
 - Rekòmande pou genyen mediyasyon ki



Lekòl Piblik Collier County yo se yon Enstitisyon ki bay Aksè/Opòtinite Egal pou Edikasyon ak Travay. gen relasyon avèk desizyon oubyen aksyon yo pran konsènan idantifikasyon, evaliyasyon, pwogram anseyman oubyen plasman pitit ou a. Ou kapab mande tou pou yo fè yon jijman enpasyal a travè Divizyon Jijman Administratif Florida (“DOAH”), swivan Atik sou Pwosedi Administratif Florida (F.S. Chapit120) ki baze sou desizyon oubyen aksyon ki konsène idantifikasyon, evaliyasyon,

on, bi edikasyonèl oubyen plasman pitit ou a. Yo pral preside jijman an daprè pwosedi ki tabli nan Chapit 120 Estati Florid la. DOAH ap swiv Règlèman sou Pwosedi Inifom yo ke moun kapab tcheke sou sit entènèt li a. Ou menm avèk pitit ou a kapab pran pa nan jijman an epi fè yon avoka repre-zante nou. Fòk demand pou jijman yo fèt pa ekri e adrese bay Rick Gamret, Sèvis Elèv yo/Sèvis Psikolojik/Seksyon 504, jan sa idantifye pi ba a. Ou kapab tou chwazi pou kontakte Biwo ki okipe zafè Dwa Sivil yo nenpòt lè ou vle. Rezolisyon aktivite pou pote plent sa yo se yon bagay ki volontè, separe, epi distenk anplis de sa, paran/reponsab yo kapab tou ekzèse nenpòt dwa ke Règleman 9130 Konsèy Administrasyon Lekòl la ba yo (<http://www.neola.com/collier-fl/>),

- Paran/responsab yo kapab mande pou tout Manb Konsèy Administrasyon Lekòl la revize desizyon ki te soti nan jijman an. Konsèy Administrasyon Lekòl la pa kapab rejte oubyen modifè fè ki enskri nan rekòmandasyon òd ALJ a amwens ke li detèmine ke fè yo pa chita sou anyen konkrè oubyen pwosedi ke fè yo baze yo pa respekte okenn nan ekzijans lwa esansyèl yo. Nenpòt pati ki santi li fwase akòz fè avèk desizyon ki soti nan jijman an kapab jwenn yon apèl si li tanmen yon aksyon sivil nan nenpòt tribinal nan jirisdiksyon Eta a ki konpetan oubyen nan yon Tribinal nan Distri ki Ozetazini.